

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,
J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — LAAN WIECHERT 13. — WELTEVREDEN

Langaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . 0.30
Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja . . . , 20.—
Satengah katja . . . f 12 $\frac{1}{2}$, Saparapat katja . . . , 7.50
dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 2

1. Pihatoer Redaksi	katja 17
2. Bab Wajang VII	18
3. Babad Santjang	22
4. Tjandra sangkala memet	25
5. Perkawis moendoerna barang batikan	25
6. Saha atanapi naon ari Semar?	29

Pihatoer Redaksi.

Sakoemaha anoe parantos kapiocendjoek kapoengkoer, artos langganan Poesaka-Soenda mah kedah timpah, hartoasn kedah dibajar ti pajoen. Ajeuna parantos dongkap kana waktosna para langganan sadaja kedah

ngintoenkeun èta artos langganan anoe moeng f 3 (tilœ roepia) tèa pikeun sataoneun, ngètèng ti Juli 1923, dongkap ka sasih Juni 1924. Moegi kamanah koe sadaja jén. hiroepna P. S. tèh, taja sanès moeng tina langganan tèa, djadi oepami para Djoeragan teu ènggal nohonan kana panoehoen Redaksi, tan wandè P. S. kasorang bahaja. Ningal bérèndèlanana anoe parantos ngabojean P. S. taoen ka doea, nja rada matak hariwang, tina entang-entangan kénéh naker. Koe margi èta disoehoenkeun anoe sanget pisan ka sadajana para Djoeragan anoe teu atjan ngintoen artos langganan pikeun taoen ka doea tèa, soepados ènggal-ènggal ngawangsoelkeun deui balangko-poswésel saparantosna dilebetan perak tiloe tèa, oelah sina moelang lengoh.

Para Djoeragan anoe pegat doeriat nolas moal nolib deui ka Poesaka-Soenda, nja henteu koemaha, da doelang tinandé tèa,

kapan ngan dipeloeng djeung dipitjeun; moeng panoehoen oelah ngeukeuweuk tjetjongoan, èta P. S. No. 1 taoen ka II, sareng ieu Nomer doeana ogè, **kedah diwangsoelkeun** deui ka kolotna di Weltevreden. Nja kitoe deui ka noe tambèlar teu kersa ngabalandjaan, atoeh oerang pondok djodo pandjang baraja baè, da awèt ogè ari radjèt mah tjoemah, moal matak djadi dangdanan èra koe tatangga.

Koe margi èta ajeuna mah badè tjindék baè, oepami sakinten badè dianggo loeloe-majanan disipirakeun mah **narah**. Mangga diongklangan, teu weléh ari méré omber mah, dongkap ka **bèh — ditoena, ping 15 sasih pajoen, sasih Oktober**. Oepami dongkap ka dinja teu aja baè pangbajoean, nja oerang bibilasan tea baè.

Sareng perloe kaoeninga koe sadaja, jén njitak P. S. téh moeng saréana langganan, djadi bakal aja langganan anjar anoe moal nampi ti Nomer hidjina, **oepami teu ènggal-ènggal moendoet ti ajeuna**.

Koe margi P. S. nomer hidji parantos **sèp**, anoe teu atjan nampi, nomer èta moegi kersa sabar heulaanan badè ngantos ti anoe diwangsoelkeun deui.

Ka para Djoeragan anoe parantos merloekeun ngintoenkeup artos, Redaksi oendjoek noehoen.



Samboengan P. S. No. 1 katja 4.

Dasamoeka kasoran djoeritna, kapaksa pasrah salira; moeng sakomaha anoe parantos ditjarioskeun di loehcer, jén Radja Maëspati, Sang Ardjoena Sasra, tiggin kabéulit koe djangdji, teu kènging nelasan Rahwana. Dasamoeka kenging widi moelih deui ka Alengka, saparantos dibitungbeuratan koe soempah, jén kedah ngaleboer tapak, megoeng napsoe nahana hawa pangadjakna amarah, nitih adil soetji ati, tebih ti noe enggeus-enggeus.

Nanging saparantos Rahwana soemping deui ka Alengka, koeda ngentjar ti gedongan, moengkoer ti noe djadi ratoe, dasar bedang ratoe napsoe, manan peroeh anggoer woewoeh, batan kapok kalah gawok, soempah teu aja goenana, der baè mapak deui bala, bendoe ngagoedoeg-goedoeg, ti kel toedjoeoh ti kapoengkoer, raos asa diwiwirang.

Saparantos gagagi asak pasini, nembe Dasamoeka djengkar deui, diiring koe sènapati kapetengan noe garagah noe raringkah, ngaleut ngeungkeuj ngabandar leut, ngagiring para wadia bala, èstoe dikerid peuti saeus nagri Alengka, rangke doeh gagaman perang, gada toembak tamèng-dada, langkoeng sajaga tohaga, batan ngaroeroeg moenggaran téa.

Sasoempingna ka Maëspati, teu tata pasini deui ger baè diperangan, dajeuh diképoeng boeaja-mangap, diangseg teu meunang engap.

Tina diambreg, teu bisa njeunghap, oerang Maëspati kapèpèd, sarta Ardjoena Sasra Baoe poepoes koe panah di pangperangan. (Lalakon poepoesna Ardjoena Sasra anoe langkoeng tétela tingali: *Sempalan ka III di pengker*).

Saparantos Rawana ningali moesoch boebar katawoeran, ratoena geus poepoes kasamboet, nagarana geus rocksak diran-djah boeta, nembe tiba mánahna sockasoeka sabalandna, moelih deui ka Alengka, ngaladjengkeun taladjakna tjara noe ka toekang-toekang.

Tah ringkesna lalakon Ardjoena Sasra Baoe téh moeng sakitoe pokona mah, pandjang sotèh ditambahin koe sempalanana, ieu di handap dipedar deui sempalanana ogé, noemoetkeun pokop papakem asal.

SEMPALAN I.

Kakotjakpeun Widadari anoe djenengan *Retna Windradi* anoe dipigarwa koe Gotama, parantos kagoengan poetra ti *Batarra Soerja* sadajana tiloe, nja èta:

1. Retna Andjani.
2. Radèn Soebali.
3. Radèn Soegriwa.

Retna Andjani koe iböena dipaparin tjoepoe djoeroe woloe (dalapan), anoe ka-

siatna bisa nekanan sagala pamènta. Naon baè anoe disoehoenkeun, koe éta tjoepoe tangtoe dikabobel. Barang éta tjoepoe parantos sok dipaparinkeun koe iboena ka Retna Andjani, sadérèkna anoe doea, Soebali sareng Soegriwa, raos katèlèr-tèlèr, asa dimomorèkeun dibèdakeun ti sadérèkna, iboena pilih kasih tjoetjoek panon, ngan miasih ka poетra istri. Soebali sareng Soegriwa sisirikan hojong tjoepoe poesaka, badè ngareboet kagoengan raina. Ramana, anoe djenengan Gotama tèa, bendoe, ningali para poетra petjoh teu rapih, ladjeng baè tjoepoe poesaka ditjandak ti poетra, keleweng dialoengkeun. Rragragna éta tjoepoe nja djadi talaga *Soemala*. Para poетra anoe tiloe tina kabita koe kasiat poesaka anoe sakitoé langkana, ènggalna tjoepoe disoesoel. Barang saroemping ka talaga *Soemala*, Soebali sareng Soegriwa teu antaparah deui ngan gedjeboer baè toetoeroeboen ka djerò tjai neuleuman tjoepoe tèa, dihaben disasaran ditjapanan dina dasar talaga.

Retna Andjani ogè ningali rakana ngaroedag tjoepoe, teu kersa kantoon, ngoenit noeterkeun pandeuri, sarta djol deui soemping ka sisi talaga *Soemala* tèa. Andjeunna lirèn sisi tjai teu miloe antjroeb, ngawaskeun ngantos rakana ti darat, sarta koe margi rakana lami teu ka tèmbong teu aja baè bidjil, ladjeng baè Retna Andjani ka sisi tjai ditamas bari. ngoembah panangan, rasa manèh mokaha lantaran ten tahan koe panas, mentas angkat sakitoé tebihna.

Tapi barang prak ngoembah panangan djeung raraj, teu kira-kira Retna Andjani reuwasna, rèh dadak sakala pameunteu pi-noeh koe boeloe, panangan nja kitoe deui, komo barang petjenghoel ningali rakana baridjil ti tjai, salin roepa seloear saliran rambosbos baroeloean, tjeplès monjèt itjal roepa satria, ganti woedjoed djadi koe-njoek.

Sadérèk anoe tiloe narangis patoengkoe-toengkoe tina raos wirang ganti roepa, salin sipat djadi monjèt. Koe margi éta tiloeanana taja petana iasa moelih deui ka nagara, ngaraos isin koe iboe koe rama, nja baris ladjeng tatapa, neneda ka Dèwa,

soepaja dibalikkeun dcui roepa asal, poelih tjara baheula bihari. Eta anoe tiloe sadérèk arangkat ka goenoeng Soeniapringga, tatapa di dinja. Demi pasang petana tapa tiloceanana teu sami, Soebali tapa soeng-sang dina dahan kai tjara kalong meutung, maстtaka noetoeg ka Handap, siang wengi teu loengsoer geus tuu dahar teu leueut.

Ari Soegriwa tjara lakoe peutjang mandangan, mahpralan dangdaoman djoe-djoekoetan, ngènjoh teu aja eurunna.

Retna Andjani njangheuj dina sisi tjai, ngeueum andjeun kawas bangkong.

Mang taoen-taoen éta tiloe sadérèk tapanan kitoe, siang wengi teu kendat nencda ka Dèwa anoe kawasa.

Katjarioskeun lami ti lamì katingali koe Sang Octi-pati, noe tapa sakitoé tjengeng mantengna, nja digandjar koe adjian kasiktian. Raden Soebali ditibahan mantra „*Pantjasona*”, adjian ancc kasiatna bisa paëh hiroep deui, sabaraha kali baè keuna koe pakarang, nadjan sirah tepi ka patoeraj, tangtoe tempoeng bisa hiroep deui.

Sigegkeun anoe keur tapa kotjapkeun di Djonggring-salaka di sawarga kadèwatan, Dèwa-dèwa keur pada kataradjang sofisah, wirèh sawarga baris dirandjah dirocksak deuk diroeroeg koc moesoeh oerang boeana pantja tengah, anoe djenengan *Maësasoera*, radja boeta anoe sirahna kawas sirah moeniding, tandoek ranggaèk pandjangna doea-doea deupa, katjeloek sakti manggoelang-manggoeling, gagah hèsè nèangan bangsana, nepi ka Dèwa gimir pada miris, pisakoemahaeun lamoen tepi ka Sawarga kagiridig boeta.

Para Dèwa pada goenem tjatoer, ka saha geusan njarandoe, moendoet toeloeng dipanglawankeun moesoeh. Enggalna geus rempag sadaja jèn kedah mindangsaraja ka Raden Soebali anoe keur tatapa di goenoeng Soeniapringga, karana ngan andjeunna anoe pikadada-kadoegaeun njanga karosaanana *Maësasoera*.

Radèn Soebali sareng Soegriwa dipoen-doctan toeloeng koe Dèwa tèh ènggal sanggem baè, komo ngadangoe boeroeh, anoe baris dianggo pamoelang tarima ti Dèwa, nja éta oepama *Maësasoera* tepi ka paëh baris digandjar poetri geulis anoe djene-

ngan Dèwi Tara, poetrana Batara Indra.

Ger Boeta Maësasoera diperangan awit diajonan koe Soegriwa, tapi teu kiat Soegriwa mèh tètèr. Nja ladjeng dilawan koe Soebali, didjorag koe doeaaan ka enggonna di djero goeha *Kiskenda*. Soegriwa dipiwarang ngantosan di lawang goeha teu sareng lebet ka djero.

Samèmèh Soebali lebet ka djero goeha tempat boeta tèa, andjeunna mèrè totondèn heula ka raina, nja èta: Lamoen dina waloengan anoe bidjil ti djero goeha tèa, ngotjor getih beureum, èta tanda Maësasoera djeung papatihna anoe ngaran Djatasocra anoe kasoran perangna, Soegriwa koedoe geuwat asoep njampeurkeun ka djero; tapi lamoen ngotjor getih bodas, tanda moesoeah anoe oenggoel. Soegriwa koedoe gantjang njingkah karana tangtoe Soebali anoe nemahan pati.

Boes Soebali ka goeha, ger perang dihoeroep koe radja boeta Maësasoera djeung Djatasocra.

Eta doea boeta èlèh tanaga èlèh bedas èlèh pangawasa koe Soebali, tètèla ti barang proeng perang jèn Soebali noe oenggoel, tapi mèh tètèr tina weléh èta boeta teu daèk paèh, boga adji wedoek-banjoe, teurak teu aja tjèdana. Toengtoengna èta doea boeta koe Soebali katèwak, sarta barang kek katjerek poendoekna, geprak dihantja diadoe-koembangkeun datang ka boesrat-basrèt polona mèngsrèt, teu' lila toeloej paragat. Getihna patjampoer djeung polona ngotjor kabawa koe tjai ka hilir.

Barang Soegriwa ningali waloengan tjaina beureum tjampoer djeung bodas, ngarèndjag reuwas, rèh emot kana soebaja rakana, sarta geus teg dina manahna jèn Soebali perangna awor, tangtoe poeppoes doeana boektina getihna tjampoer bodas djeung beureum.

Tina dina manahna geus teu sak teu mangmang deui, jèn rakana geus poepoes, teu antaparah ngan brek baè lawang goeha tèh ditoetoep koe batoe, sarta lèos baè andjeunna mali angkat ka Kadèwatan oendjock oeninga ka Dèwa, bari nagih djangdji moendoet poetri.

Tina tètèla satjarios Soegriwa jèn Soe-

bali geus poepoes, koe dèwa henteu diengkèkeun deui sok baè Dèwi Tara dipasrahkeun ka Soegriwa, gandjaran pèdah Maësasoera geus paèh.

Katjarioskeun anoe mentas perang tanding di djero goeha, saparantos ningali moesoeah kantoen babatangna, locgina manahna senang, reureuh heula bari ngantos raina anoe bakal mapag.

Nanging tina lami teu aja baè, ènggal-na diboedjeng ka lawang goeha, sarta barang bèh lawang ditoetoep koe batoe, raina geus teu aja, Soebali teu kira-kira kagètna. Keuheul djèngkèl ka sadèrek, naha tjidra teu ngoekoehan soebaja, Soebali aja manahna timboeroe. Sanggeus medal ti goeha, ènggal baè andjeunna angkat ka Kajangan doemeueus ka Dèwa.

Barang Soebali parantos kènging wartos ti Dèwa, dadaran lampah sadèrekna, andjeunna teu madjar koemaha, henteu keukeuh keukeureweut, kamanah taja petana njalahkeun, Dèwi Tara djadi milik raina.

Soebali djengkar ti kadèwatar, ngalalana henteu ngaharoe biroe ka anoe keur olèng pangantèn.

Soegriwa saparantos migarwa Dèwi Tara, ngaraton ngadamel nagara di gocha *Kiskenda* tèa.

Doepi Soebali anoe tadin sadrah soemerah, keuna koe gogodà, kaangsonan karojokan koe djoelig dengkina Rahwana, datang ka petjoh djeung Soegriwa, Dèwi Tara direboet sarta Soegriwa ditoendoeng ti *Kiskenda*. Ari Rahwana pang nepi ka ngadoekeun Soebali djeung Soegriwa, lantaran kaomong koe pangosolna boeta anoe ngaran *Sokasrama* (Katrangan Rahwana ngangsonan Soebali, engkè bakal kapendak di handap).

Toengtoeng lajakon Soegriwa perangna sareng Soebali, parantos kaoengel dina tjarita Batara Rama.

Katjarioskeun *Retna Andjani* sadèrek Soegriwa tèa, nalika aja di leuweung andjeunna toeang „poetjoek osem”, anoe dirragragkeun koe Batara Goeroe ti langit. Kersaning Sang Oeti-pati saparantos toeang èta, ladjeng ngandeg, nja barang borosot babar poetrana pameget mangroepa

monjèt bodes, didjenenganan *Senggana* atawa *Anoman*. Eta moerangkalih dirorok koe *Batara Bajoe*, dikoekoet dipoloeng poетra, diwaris kasaktian kagagahan (*Ladjengna* tingali tjarios Batara Rama).

SEMPALAN ka II.

Dina roentoejan iboena Soebali sareng Soegriwa, aja djenengan doea poetra radja anoe kaseboet, nja èta Soewandagni sareng Djamadagni, rai raka.

Raina anoe djenengan *Djamadagni* karerepna ngalalana ngadjadjah ka oenggal nagara, ari kersana taja lian ngan hojong ngabasmi noempes radja-radja anoe dalim henteu adil. Soemawonten ari radja-radja boeta mah koe andjeunna dipapaj di oenggal goeha, disaksrak di oenggal leuweung, teu aja anoe kalaroeng diperangan ditloek-taloékkueun.

Doepi rakana, anoe djenengan Soewandagni tèa, bënten pisan panganggona ti raina, ieu mah kersana ngamankenn doe-nja, tèh sanès koe djalan paksa piroesa, nanging koe djoenoen menekoeng moedja semèdi siang wengi, mandita meuseuh salira, moentang ka Dèwa Batara. Sang pandita kagoengan poetra doea, anoe tjikal djenenganan *Soemantri*, satria kasèp teu aja bangsana, salira ninggang satilas, wanda tedak ti patapan, toeroeg-toeroeg kasipoeh koe loehoeng èlmoe, gagah rongkah pilih tanding, sakti manggoelang-manggoeling. Nanging ari poetrana Sang Pandita anoe kadoea, djenenganan *Soekasrana*, teu mantra-mantra ka Sóemantri, ieu mah lain-lainna deui, gorèng patoet tèh dibéakkéun koe sorangan, *pamoeloë èstoe soeroep kana tangtoeng*, tjetjap ninggang kana patjatjadana, kedok bakal onaman saleuheung, mèh sarimbag sareng pèrah bedog raoetaneun. Nja èta dedeganana boentelek benteloe pendèk njembole mèjè-kèh tenggèng ari beuheungna tjelengang, tak tak lèwaj kawas korang, dekok ari tarang nongnong, iroeng pegèk biwir dje ding, ngohngor tonggar rada monjong, panon tjelong banggoen kemboe, ari koelit les-treng kawas birit scèng. Moeng waosna barodas raranggètèng, ngaboelaèh peurahan kawas oraj welang. Ana sasaoran

galab arapap eureupéup, sentor sengor adat kasar.

Katjarios saparantos moerangkalih arageung, koe ramana baris disanggakeun ka Maëspati ka Kangdjeng Radja Ardjoena Sasra Baoe, soepaja diadjar koemawoela, adat tatambangan nagara. Doepi anoe bade dikintoenkeun tèh moeng Radèn Soemantri baè, margi ari Soekasrana mah taja petana, koeriak baè matak ngaling-semkeun ka sadajana.

Nanging barang Sokasrana ngadangoe rakana baris angkat ka nagara, bakal koemawoela ka radja, keukeuh andjeunna hojong miloe, teu ngaroemasakeun manèh tanpa daksia. Radèn Soemantri welèh teu kersa dipiloean tina lingsem sasarengan, toengtoenga doegi ka pasèa tina keukeuhnna noe hajang. Sokasrana diseuseul diséksèk-séksèkkeun koe Soemantri, ari ditjandak mah henteu.

Radèn Soemantri parantos aja di Maëspati, ngabdi ka Ardjoena Sasra Baoe, katjida dipikameumeut dipikaashina, sareng dianggo tanggelan tamèng dada pangraksa nagara.

Anoe kapertjanten dioetoes ka nagara *Magada* tèa ogè, ngalamar sareng mapag pigarwaeun Kangdjeng Radja, poetri Dèwi Tjitrawati tèa, nja Radèn Soemantri.

Nalika Radèn Soemantri moelih ti Magada njandak poetri Dewi Tjitrawati, samèmèh soemping ka nagara, andjeunna keuna koe tjotjoba panggoda, nja èta ngaraos tjangtjaja ka Radja, digoda koe boa dirèntog koe palangsiang, manah hamham tina teu atjan oeninga enja kana kadidjajaanana anoe ajeuna djadi doenoengan. Leuheung meueus moen èstoe ratoe linoe-hoeng pinoendjoel, ngaoela teu panasaran, tapi koemaha lamoen ratoe sipoohan, migoesti kana sanglingan, lebar temen koe salira, ngaoela kana djarian, njanghoeloe ka piroeroehan. Tina kitoe manahanana, nja andjeunna dagdagán rèk ngadjoegdjoegan, mèakkeun kapanasaran, didoega koe ditangtang perang.

Enggalna ger baè perang tanding Soemantri sareng Ardjoena Sasra, pada ngadoekun kasaktèn. Nanging ti barang proeng koe Soemantri geus karaos eungap,

tètèla katindihan pangarti, roemasa tjlok ti handap, doegi ka toengtoengna Soemantri kapèpèd, balaka jèn henteu koeat, neda agoeng pangampoera. Koe Kangdjeng Radja Ardjoena Sasra dihapoenten, moeng koe margi geus koomalantjang koemawani ngalanggar tjegeahing nagara, Soemantri nembe baris ditampi deui migoesti, oepami iasa ngalaksanakeun pamoendoet kangdjeng Radja, mindahkeun taman Sriwidari ka djero dajeuh Maëspati.

Radèn Soemantri, nadjan ngaraos abot seunggah djeung wégañ ngadangce timbalan Radja, nanging teu boeroeng njecmanggakeun njanggeman kana sadawehanana.

Koe andjeunna kamanah taja petana andjeunna njalira iasa mindahkeun éta taman, tangtos kedah aja anoe ngabantoe. Anoe kaerong piiasaeun kana kitoe, taja lian katjaba ti sadérèkna anoe tanpa daksa téa. Koe margi éta ènggal baè Radèn Soemantri moelih ka patapan ramana ne-pangan raina, sedja njarandoe moendoet toeloeng.

Raden Sokasrama oedjoeg-oedjceg sanggoep baè, ari pamoendoetna taja lian ngan sok moen ditjandak ka nagara.

Taman Sriwidari sareng sabregna prantos aja di djero dajeuh Maëspati koe pitoeloengna Sokasrama.

Saparantos beres Sokasrama masrahkeun taman Sriwidari ka Raden Scemantri, nja pok deui oendjockan hojong tetep di Maëspati ngiring rakana. Nanging koe rakana teu didangoe anggoer ditoendoeng didjoeroeng moelang.

Tina keukeuh pada keukeuh doegi ka ger perang, sarta Radèn Soemantri kalepasan bioer baè mentangkeun panah tjakra, djeplok keuna ka Sokasrama, harita kénèh Sokasrama katibanan, ladjeng soekma tinggal raga, ngong aja soara: „Beu teungteuingeun, tèga ka noe tanpa dosa; rasakeun baè, baring soek pagi tangtoe aja wawales, hoetang pati bajar pati, hoe-tang wirang bajar wirang!”

Saparantos poepoes raina Raden Soemantri diangkat djadi papatih Maëspati, sarta gentos djenengan Radèn Soewanda.

Ari Soekma Sokasrama loengsoer di

Ngalengka, djadi warga Rahwana toekang ngangsonan ngarodjokan kana djoelig la-koe dengki.

Patih Soewanda nja poepoes koe Rahwana (Dasamoeka) dina nalika Maëspati ditempoeh.

Aja samboenganana.

„BABAD SANTJANG”

*Kinging itikoerih A. Ganda Prawira.
ASMARANDANA.*

*Samboengan P. S. No. 1 katja 9.
ASMARANDANA.*

20. Ngan di loehoer tjakak hidji, diseboetna talawoengan, tjék bedja éta tangkal téh, tempatpamoçan heurap, Embah Bradja dilewa, tapi pantes sarta soeroep, enja djiga talawoengan.
21. Meureun pimanaeun teuing, sagecé naon heurapna, matak montjor bedoeg ogé, tjenah baheula geus aja, anoe geus kawénéhan, toekang lintar ngala laoek, manggih timah batoe heurap.
22. Tapi ngan saali-ali, taksiran mah pasésaän, ari pék koe manéhna teh, didjieunan batoe heurap, djadi tiloe rahaban, geura mangga baé émoet, pigedééun éta heurap.
23. Tjatiak ngan saali ali, bét djadi tiloe rahaban, tina koe awahing gedé, djeung aja hidji kiara, gedé kabina-bina, akar pabeulit ngagoeloeng, roembaj rambaj ngadjarépat.
24. Roepana dapoeran badis, tjeplés tangga tahap-tahap,

- tjeuk saha lain golodog,
di sisi bēh tangan-tangan,
mener ka lebah tangga,
akar ngaganteng ti loehoer,
pamoentangan panaèkan.
25. Tahap tangga lénang bersih,
akar kawas beunang mapas,
eta leuweung teh Pakoewon,
nelah nepi ka ajeuna,
tilas anoe baheula,
nganteur rasmi ngajoen kalboe,
arameng di paniisan.
26. Kébon kopi noe bihari,
ajeuna djadi kaboa,
ngalandèg mangroepa kebon,
kiwari ge henteu robah,
ngan woengkoel salin ioepa,
ting roenggoenoek bangoen ioeh,
resik tempat pasirnaän.
27. Matak loetjoe nèrik ati,
moen nendjo tempat kaboa,
kajoengjoen koe siga kebon,
ngabérés djadjaranana,
misil beunang ngahadja,
di handapna lénang ioeh,
linjih lir beunang njapoean. (*)
28. Lamoon noe karék ningali,
tangtoe njangka éta tempat,
kebon noe beunang mapaés,
atooran djalma ajeuna,
sarta didjaga-djaga,
tina roepana sakitoe,
matak hélok matak héran.
29. Tjenah mah éta dedemit,
reudjeung kabéh matjan-matjan,
garawéna saban poë,
bagilir meunang bagian,
ngadjaga éta taman,
wantoe patamanan Ratoe,
bisi aja noe ngalanggar.
30. Nilik-nilik noe géus boekti,
handapéutn tangkal kaboa,
salawasna lénang baé,
arang kalakaj salambar,
lamoen dipikir pandjang,
na koe saha éta daoen,
ditjokotna dipitjeunna.
31. Moen aja noe koemawani,
ngaganggroe tangkal kaboa,
teu maké dongdonan djampé,
tinangtoe dihakan matjan,
tapi kitoe gé doeka,
wanteo ngan bédja ti batoer,
teu atjan njoba sorangan.
- SINOM.
32. Di Santjang aja wahangan,
anoe misah ti noe lain,
kiroch kawas tjai béas,
tjenah tjorna eta tjai,
ti karaton bihari,
lébah sisi pisan dapoer,
oeroet anoe baheula,
ngisikan djeung ngala tjai,
katélahna ajeuna Tjipangisikan.
33. Malém Salasa Djoeemaäh,
ditjegah pisan dipangkring,
di Santjang teu meunang lintar,
lantaran di éta peuting,
waktoena pra dedemit,
ka laoet ngarala laoek,
Embah Bradjadilewa,
sok moendaj tengah djaladri,
tangarana loba kilat tingbaranjaj.
34. Nadjan lain malem éta,
lamoen loba kilat tatit,
di laoet babaranajan,
henteu meunang koemawani,
ari sabab dipangkring,
risi bok billih karoengkoep,
baheula enggeus aja,
palika noe koemawani,
gana-gana ngarempak éta larangan.
35. Ngaranna Alimoekidam,
mener dina hidji peuting,
di laoet babaranajan,
Ki Alimoekidam indit,

(*) Noemoestkeun katrangan R. Wiratmadja Tjiamis, pang laléndor lénang téh, lantaran sok disapear koe *oemang* (bangsa keujeup dina kerang) ana aja. kalakaj ragrag sok geuwat disoeroengkeun kaloeear.

S. d. R.

- teu tolilh ka pawarti,
 tjatoer galoe teu digoegoe,
 madjoe indit njorangan,
 lintar wantji tengah peuting,
 katjatoerkéun sabatoerna pada reuwas.
36. Harita malem Salasa,
 geus nepi ka isoek deui,
 Alimoekidam teu datang,
 koe batoerna pada ngoengsi,
 bisi tjeuleum palid,
 atawa kabawa laoet,
 tapi weléh teu aja,
 ti dinja toeloej badami,
 rioeng-rioeng néangan akal tarékah.
37. Keur kitoe poentjengis datang,
 gantjangna éta Ki Ali,
 pada nanja koe batoerna,
 ka mana lampah ti peuting,
 ari walon Ki Ali,
 koering téh peuting di laoet,
 keur lintar ngeunah ngéunah.
 henteu kanjahoan deui,
 aja anoe ninggang beurat kana awak.
38. Sihoréng teh ramat heurap,
 koering ampir henteu eling,
 beuheung dikenjang ka loear,
 ti dinja ngadjérít tjeurik,
 tapi henteu ditolih,
 koering ditinggangkeun asoep,
 kana sabidji kodja,
 arék kaboer hajang bidjil,
 henteu bisa da kodjana loehoer pisan.
39. Njampak dina éta kodja,
 loba laoek roepi-roepi,
 tina koe awahing reuwas,
 boga rasa samar hoerip,
 koering les henteu eling,
 ari inget bet teu poegoeh,
 lingloeng paroék tingal,
 tapi pikir djedjeg eling,
 so emangka téh moal salah ieu Embah
40. Saoer Embah ka garwana,
 barang geus soemping ka boemi:
 njai lintar téh teu meunang,
 ieu ngan meunang saeutik,
 kitoe gé hoerang leutik,
 loemajan pais keur isoek,
- ti dinja eusi kodja,
 dioetjoetkeun rék dipais,
 koering tjeurik bari matek djadjmpéan.
41. Aéh koetan si Moekidam,
 saoer Embah ka sim koering,
 sia téh mentas ti mana,
 walon koering óngkoh abdi,
 ajeuna nembe bidjil,
 tina kodja tas karoengkoep,
 walonna aéh koetan,
 naha lalawora teuing,
 koe aing mah ti tadi teu kanjahoan.
42. Oentoeng teu kapais sia,
 semet ieu méré eling,
 oelah deui lalawora,
 njorang tjetjegahan aing,
 oentoeng sia pribadi,
 tadi basa keur di laoet,
 henteu ditaroek heula,
 ajeuna mah hendjig balik,
 omat pisan sia oelahi arék wéja.
43. Tah sakitoe tjaritana,
 anoe ngalanggar pamali,
 harita téh éta Embah,
 moen oerang mah eukeur ngetjrik,
 mapaj di toeroet sisi,
 ngala laoek noe lalemboet,
 salah djeung benerna mah,
 éta wartos doeka teuing,
 ngan boektina loba pisan noe pertjaja
44. Tjegahanana di Santjang,
 niir laoek gé teu djangdji,
 dipantang tina asangna,
 koedoe matana ditii,
 sabab di éta nagri,
 aja hidji ménak agoeng,
 djenengan Praboe Sangsang,
 djadi moen diasang pasti,
 meunang bendoe ti éta Paraboe téa.
45. Sabab ngoenghak ka djénéngan,
 ketjap asang njabit-njabit,
 noeloej nepi ka ajeuna,
 di mana laoek ditii,
 matana enggeus pasti,
 kaloearan Santjang tangtoe,
 karana noe sédjén mah,

bet geuning di mana teuing;
biasana niir mah lóbah asangna.

Aja samboenganana.

N. B. Sadjarah waktoe Santjang djadi nagara sarta asal bibit boetna, koe sim koering noedjoe dikotéktak, lamoen pinanggih hasil tangtos dipédar di ieu Poesaka.

ANDJOEN G. PRAWIRÀ

Tjandra sangkala memet.

Anoe diseboet tjandra-sangkala-memet, nja éta tjandra sangkala anoe diwoedjoedkeun, koe gambar.

Dina pèsta radja taoen ieu, mangsana mestakeun djedjeg salawè taoen Kangdjeng Radja Poetri Wilhelmina ngastana karadjaan, ti taoen 1898 dongkap ka taoen 1923, éta bilangan taoenna didaramel sangkala-memct.

Sapertos di Garoet Sangkala-memmetna anggitan, Rd. Rg. Wiriaatmadja Djoeragan Patih Garoet, kieu oengelna:

Hesti menga bramara boedhi.

Hesti = 8; menga = 9; bramara = 8; boedhi = 1.

Sasangkalanana tina taoen 1898, nja éta nalika Sri Maha Ratoe ngawitan ngasta karadjaan.

Eta sangkala, ngandoeng harti:

Hesti, hartina: gadjah bikang, perlambangna tina kakawasaan sareng katoagaan.

Menga, hartina: ngangah bari tanggah, perlambang neneda ka Jang Maha Soetji soepaja salawasna ginandjar Sihing Jang Widi, sadajana teu aja pantjabajana waloeja salalawasna.

Bramara, hartina: njiroean, sato leutik ati-ati, tohaga teu ara wèja, pakarang njanding teu anggang, anoe moha dipoelang roepa tamaha.

Boedhi, perlambang loehoeng panemoe, djembar pangabisa, werat njaanga, boeana, perbhawan henteu goegoep gampang liwoeng, tara salah nja pamilih.

Ari djedjegna salawè taoen njepengna kakawasaan ti wangkid harita, nja dina taoen ieu 1923, sasangkalanana oengelna:

Trisoela kembar troesing bhoemi.

risoela = 3; kembar = 2; troes(ing) = 9; bhoemi = 1.

Trisoela = panah at. toembak anoe paksi na (seuseukeutna) tiloe, perlambang sampoernana adeg karadjaan, ngawenkoe tiloe wewengkon: Nederland, Insulinde, Surinamè.

Kembar, perlambang roentoet roekoenna Nederland sareng djadjahanana geus djadi doea sapasang, noe maréntah noe diparéntah, tanah djeung sapangeusina, teu bina dibéda-béda; Sarta noedjoe karaketan sangkan dalit ngahidji, teu anggang pasalingsinan. Troes ing bhoemi, perlambang, lambat-lamboet njetjeb nantjeb teu keuna koe owah-gingsir, lana teu keuna koe hama, lir dipakoe ajana dina boeana.

Tah kitoe oengelna sangkala-memet anoe di Garoet, engkè anoe ti tempat sanès ogé badè dilebetkeun.

Perkawis moendoerna barang-barang batikan.

Koe lantaran kabongroj koe anoe siga anéh, rēa toekang batik anoe kabèngbat, tjoel loeloegoe kagémbang koe barang anjar, miron tjonto-tjonto boeatan Eropa. Roepa-roepa gambar tina boekoe-boekoe, tjonto rēnda-rēnda, tjonto soelman atanawa bordèlan sareng manglè-manglè papasès Eropa tèa, anoe ajeuna ditaroeroen di-toelad koe toekang batikan. Nepi ka ajeuna mah rēa pisan samping, oedeng atawa kekembén anoe batikna nganggo tingkesan Eropa tironan tèa, atawa tampolana mah pinoeh koe gambar sasatoan, gambar tatangkalan, gambar boeboeahan atanapi kekembangan, sakapeung siga, sakapeung henteu, malah tampolona mah teu ka loehoer teu ka handap. Atoeh tangtos, baè

ari koe kitoe tèa mah, rèk lepat meureun, teu siga meureun, kapan èta anoe digambarna tèa ogè, aja anoe teu atjan kanjahanan roepa-roepana atjan.

Ka-bèh-dieunakeun aja deui tambihna sasabna pamilih toekang batik tèh, nja èta mapasèsan batikan koe aksara, aksara memet babakoéna. Malah aja anoe tingkesna koe gambar singa karadjaan Walanda, gambar kapal, gambar hoeloe karèta api didjeblag-djeblagkeun sagedè-gedè nana-haon, ngarah gampang èbrèlina membrès dina kasalahanagan.

Bawaning koe hajang poeas, teu tibra koe sakitoe sasarna dina njieunna tingkes anjar tèh, aja anoe kaleuwihan pisan, nja èta koe gambar serdadoc baris, makè gambar mariem, barisan noe toempak koe-da maranggoel bedil, èstoe ditjampoer-adoekeun pisan.

Ka-ajeunakeun rèa toekang batik anoe ngantjokeun batikanana djoealcun ka bangsa Eropa, saperti taplak mèdja, pa-paès tèmbok, tempat kapoetan, dj. s. t. anoe batikanana geus beunang ngaropèa, komo ari gambar wajang mah sigana geus oelah baè kaliwat tèh, pada hal kapan ari wajang mah lain dina batik pipernaheuna-na. Ari pang kitoe tèh taja lian ngan teu toehoe kana toegoe noe babakoe, teu oeningga kana gelarna batikan noe saenjana, maroekan taja soerahna. Ningal ka dinja, tètèla roeksakna èlmoe batikan pitoein Djawa tèh, sanès direksak koe deungeundeungeun baè, tapi nja koe anoe bogana deui, koe oerang priboomi kènèh. Ari lantaranana pang oerang dieu, miloe ngaroeksak kana èta èlmoe poesaka karoehoen anoe sakitoe loehoengna, taja lian ngan toena loeang taja kaoeninga, nepi ka niroe noe batoer anoe teu poegoeh salang soeroepna, tjoel warisan karoehoenné pribadi. Lantaran tingkesna geus sanès pitoein toengtoengna teu timoe koemaha piprakteunana dina ngagarapna ogè, koedoe koemaha palakiah padikana noemoetkeun èlmoe ngabatik noe saenjana, tina parantos pasalingsinan djeung bilit tèa.

Ari moenggoeh oerang Eropa anoe ma-reuli batikan tèh réréana nja teu aroeningga kana oenak-anikna djero-djerona bab

batik, maroekan enja baè ari batik tèh koedoe kitoe, koedoe makè gambar wajang gambar kembang, disangka èta tèh toelèn kabinangkitan Djawa anoe geus kagoer-nita kaaloesanana katjeloek kalohoenga-nana tèa.

Geura ana dimanah ka dinjana, atoeh koemaha teu rèk roentag èlmoe ngabatik tèh, da anoe meuli teu boga harti, noe ngadjoeal sambèwara, toengtoengna sabab sarèrèa, da pada henteu aja kaoeninga tèa.

Aja deui hidji hama anoe ngagaksak kana kamoeljaan èlmoe batik, nja èta oerang Eropa djeung bangsa-bangsa sèdjèn anoe ahli kana gagambaran Eropa, anoe ngasoepkeun èlmoe na dipakè ngalam-bon èlmoe Djawa, lantaran dina.sangkana èta kapinteran gambar babaran Eropa tèa, kènging dianggo njaroengsoem panambah kadjawaan, atanapi nja dianggo ngalindih baè ari toengtoengna mah.

Ka-bèh-dieunakeun anoe dianggap djalan geusan ngamadjoekéun kabinangkitan Priboomi tèh nja èta lamoen noeroet galoor mapaj djalan pangadjaran, panghoedang rasa Eropa, anoe di-ditoc geus diakoe ngan èta-étana patokan anoe geus tangtoe oege ranana. Pada hal apan ari Djawa mah boga raratan sorangan. Koe lantaran tingkes-tingkes Eropa tèh enja-enja keunana kana sipay èlmoe gambar, kawas geus moal boa engkèna mah bakal ditarèplak satjepèlèkna koe oerang dieu, nepi ka soemiratna kabinangkitan pitoein priboomi bakal keuna gogoda kapegat djalan kapintjoet koe èlmoe batoer.

Tarékah panolak sangkan kabinangkitan ngabatik oelah moendoer djeung oesa-ha geusan ngamadjoekéunana.

Tadi di loehoer parantos ditjarioskeun saeutik-eutikeun moendoerna èlmoe ngabatik pitoein tèh, koe margi èta djol baè aja pertanjaan: „Koemaha tarékahna geusan nolak sangkan èta èlmoe ngabatik oelah tambah lila beuki toena; djeung koemaha makihikeunana sangkan èta èlmoe aja madjoena mapaj loeang noe ka foekang, aloer anoe kapoengkoer-poeng-koer, bisa tambah kadjembaranana?”

Pikeun ngadjawab soeal èta, taja lian ngan oerang tèh koedoe ngotèktak sababna, naon anoe djadi marga lantaranana, pang èta kabinangkitan anoe geus nintjak kana sampoerna tèa, ajeuna nepi ka roeksak.

Ieu kasalahan tèh lain nawoekoe di toekang batik ajana, nja èta pèdah maranèhanana geus ipis, geus ngolèmbar rasana kana gelarna sipat aloesna batik tèa, tapi èta di anoe mereuli deui ajana salah tèh, lantaran saroeana tèa pada teu oeninga. Geura·oepami ajeuna aja anoe ngagaleuh batikan, anoe djadi babakoe tèh ngan kana ngarampa dasar, kasar atawa lemesna, ari kana toelisma mah, anoe djadi panggelar sipayatna kabinangkitan tèa, teu pisan dipirosèa, rèk saè rèk awon teu matak djadi wagelan, malah tampolana mah ngahadja milih tingkes anoe lain-lain ngarah siga anèh, dapon obroj sagoeloeboeran malar moerah.

Tah èta anoe djadi hamana. Geusan neempes hama ieu, aja doea djalanna; Ka hidji: Rasa anoe pimeulieun, kana aloesna kabinangkitan batik, koedoe dihoedangkeun deui, sangkan tingal merenah dina tempatna.

Ka doea: Toekang batik koedoe pada ngaping, sangkan ngagedèkeun gelarna rasa moeljana kabinangkitan batik, anoe medal tina sipayat-sipat kabangsaanana, sareng ditambah koe dibèrè tingkes-tingkes batikan pitoein anoe araloes toeladeun sareng toeroeneunana.

Anoe kedah diémoetkeun dina perkawis batikan, aja tiloe roepi, nja èta:

1. Batikna (tingkesna, toelisna).
2. Babaranana (sogana).
3. Garapanana.

Anoe hojeng aroeninga kana katrangan ieu, tiasa kenging tina lezing-lezing, (babakoena pikeun bangsa Eropa), dina tongtonan-tongtonan (tentoonstelling).

Dina tongtonan tèa kadjabti batikan anoe lalemes anoe saraè, boh batikna boh

babarana, disajagikeun njanding barang kasar (kodèn) deui soepaja iasa ngabandingkeun mana noe saè, anoe koemaha noe awon. Sareng diajaan oerang Priboemí anoe ahli kana batikan geusan njanggakeun katrangan ka sakoer auce marariksa.

Nja kitoe deui di sakola-sakola handap perloe naker perkawis batikan diadjarkeun sangkan rasa moerid kana kaaloesan batik bisa hiroep, toeroeg-toeroeg ari di sakola mah waktoena toemaninah pisan bisa di asoepkeun dina pangadjaran ngagambar. Di sakola istri di Djawa mah perloe naker diajaan pangadjaran batik, sarta diadjar tingkes anoe araloes, ditoedoekehkeun naon anoe gorèngna dina babarana atawa dina tingkesna.

Anoe mereuli batikan, lantaran teu oeninga saè awonna tèa, rèa naker anoe kadjebllos, dibobodo koe noe dagang, tah pikeun ngadjaga èta, djalan anoe matak ngaroegikeun ka toekang batik anoe araloes, perloe diajakeun koemisi, anoe bakal mèrè tjiri mana batikan anoe aloes. Koe oesaha ieu, tangtoe engkè lila-lila mah toe-kang batik tèh bakal njarieun anoe araloes.

Ieu oesaha anoe diseboetan bieu, ngahudèan djeung ngamadjoekeun batikan tèa, gedè naker goenana ka toekang batik. Tapi ari moenggoch pikeun toekang batik mah, rèa kènèh naker anoe koedoe diperloekeun.

Nja èta di mana maranèhna geus miboga rasa kana milih tingkes (tjonto batik) anoe hadè anoe gorèng, koedoe geuwat dibèrè tingkes-tingkes (tjonto) anoe araloes atawa ditoengtoen sangkan bárisa njarieun tingkes sorangan. Tjonto-tjonto tingkes batikan tèa ngarah gampang, koe doe ditjital diboekoekeun djoëaleun ka toekang batik; kitoe ogè anoe meunang ditjital tèh ngan tingkes anoe aloes woengkoel, titiron mah oelah, sarta hadèna mali koedoe ditjét noeroetkeun sogana, sakalian djeung katranganana. Oepami hajang oendak deui kamadjoeanana, nja koedoe ngatlegkeun sakola batik tenipati ngaliarkeun èlmoena, djadi njaliarana tèh, lain koe pitoeloeng boekoe woengkoel. Di

tingkes

sakola batik tèa tangtoe diadjar ngarang atawa njieun tingkes sorangan. Goeroegoeroena kocdoe petingan, soepaja oelah gampang kasarad koe kaèrapaan, kabaoed koe èlmoe batoer.

Pikeun ngalaksanakeun pakarepan anoe ditataan bieu téa, perloe aja artos piwaragadeunana. Doeit kaperloean ieu, lain oetjoel ditatamboeh, da poegoeh djoedoelna, bakal aja goenana, lanitaran roeksakna èlmoe ngabatik atjan pati pohara, mäsili aja kénèh pitarèkaheunana. Ajeuna ninggang kénèh mangsana geusan nangtajoeangan éta èlmoe kabinangkitan anoe geus sakitoe loehoerna, oelah nepi ka moendoer keuna koe hama.

Nja ieu oesaha anoe moelja anoe mawa goembirana manah ka soegri anoe moepoesti sareng djoemoeroeng kana kama-djoeanana kabinangkitan bangsa Djawa anoe geus sakitoe loehoerna.

Pertawis ti anoe gegel.

J. Kats.

Kana anoe parantos didadar bieu di loehoer tèa, saoer Bestuur Java-Instituut kieu:

Koe margi teu atjan aja palkeunna, kakirangan piwaragadeunana téa, saajeuna teu atjan tiasa ngalaksanakeun sadajana, nembe ngawitan ngadamel tongtonan (tentoonstelling). Pikeun tongtonkeuneun tèa parantos rëa batikan anoe dikempelkeun, di Djogdja koe pitandangna: P. A. Soerjadiningrat, Rd. Sostrowidjono. Di Solo koe pitandangna: Kangdjeng P.A.A. Prangwedono, sareng Kangdjeng P. A. Hadiwidjojo. K: R. A. Sosrodiningrat, K. R. T. Sarwoko Mangoen Koesoemo. Di Pasoëndan koe pitandangna: K. Boepati Tjiamis, K. Boepati Tasikmalaja, K. Boepati Garoet, Rd. Ajoe, A. A. Koesomasoebrata Tjiamis, Djoeragan Patih Garoet, Djoer. Patih Tasikmalaja, Djoer. Patih Tjiamis, Djoeragan Tjamat kota Tasikmalaja.

Ti toekang batik parantos namboet roepi-roepi batikan, sadajana tongtonkeuneun di Jaarbeurs Bandoeng, Pasar Gam-

bir Weltevreden, di Samarang sareng di tempat-tempat sanès anoe engkè baris ditetepkeun ti pengker. Dina oenggal tongtonan tèa baris aja salah saoerang anoe njanggakeun katrangan tina perkara batikan tèa ka tatamoe-tatamoe.

Sapalih éta batikan téh diatoer neundeunna, anoe saè dirèndèngkeun sareng anoe awon, nja éta soepados ènggal èbrèh katingali bëntenna, boh dina batikanana, boh babaranana soemawonten garapanana mah. Di antawis éta batikan anoe ditongtonkeun tèa, aja anoe sampoerna pisan saéna, batikanana (toelisna, tingkesna) saè; babaranana (sogana) saè; garapanana saè.

Aja deui anoe saè batikna, kirang saè sogana, saè sogana awon garapanana, sareng sawangsoelna. Dina oenggal batik tèa ditapelan kertas kikitir katranganana.

Di antawis anoe ditongtonkeun aja anoe kënging digaleuh, pangaosna diserat dina barangna, kënging pesen ka anoe ngadjagi di dinja.

Di Djogdja parantos ngadeg hidji koemisi pikeun mariksa barang batikan anoe dipasrahkeun koe toekang batikan, anoe baris maparin tanda (koe tjap) kana batikan anoe saraè. Ari anoe kapilih kana éta koemisi nja éta: Rd. A. Gandaatmadja sareng Kangdjeng Pangèran sareng Rd. A. Soerjadiningrat.

Di Mester koemisi saheulaanan: 1. Rd. Ajoe Poeradiredja. 2. Rd. Adjeng Gilangkantjana. 3. Rd. A. Haroen al Razid. 4. Rd. A. Soerapoetra.

Di tempat-tempat anoe sanès baris disoehoenkeun soepaja ngajakeun koemisi anoe saroepi kitoe deui.

Ieu di handap diserat batikan anoe badè ditongtonkeun téh.

Bestuur hatoer noehoen ka sadaja para Djoeragan anoe parantos maparin namboet batikan kagoënganana tongtonkeuneun tèa, lamina aja sasihna sareng ngaoehoenkeun deui ka sadaja anoe roenioijong kana ngalaksanakeun ieu oedagan.

Saha atanapi naon ari Semar?

Parantos aja sababaraha oerang para boedjangga anoe ngadadar pamendakna pamoeka éta soeal anoe kaoengel di lohoer.

Geura oerang wajangkeun deui di dieu tjoetatanana sakadar anoe perloe kaoeninga.

Dina poestaka-mangsa „Djowo” tahoen ka 2 No. 4 aja lalakon „**Petroek djadi ratoe**”, ari dina lalakon wajang di Soenda mah biasana disebat: „**Oedawala djadi radja**”. Koe sadaja parantos kaoeninga Sang Oedawala têh panakawan Ardjoena, anak Semar anoe boengsoe. Sang Oedawala ditendoeng koe doenoenganana. Bawaning koe nalangsa ngenes djeung njeri, toengtoengna tégå kana raga dek tatapa neneda moentang ka Dèwa. Tinekanan panedana dongkap ka bisa miboga djimat „*Lajang Kalima Sada*”. Oedawala hajang ngaloobarkeun kanalangsaanana, ngalindih sababaraha nagri, karep hajang maleska oeroet doenoengan. Separantos pirang-pirang ratoe anoe diroeroeg, nja Oedawala ngadeg radja, di nagara **Lodjitengoro**, sarta salin kakasih djenenganana ajeuna **Sang Praboe Bèlgoedoewèl-bèh Tongtongsot-Oepelgen-Doerginadœ-Djengglèng**.

Barang parantos andjeunna ngadeg nallendra, anoe dilieulakeun têh ngoebrakeun sagala hoekoe, moepoedjoehkeun kana ngadoe, ngadoe domba, ngadoe hajam, sintir tjekih djiit, sadajana djalil papantjén nagara, sarérèa dioembar sakama-kama sakawenang-wenang. Sang Praboe Bèlgoedoewèl nimbalan mapak bala baris ngaroeroeg Pandawa, malah geus helang ngiangkeun panangtang.

Koe Pandawa diajonan, nadjan risi rada gimir ogé, ningal moesoh sakito keur nandoeng pinoendjoelna. Mémeh proeng taroeng Pandawa ngoemaha heula ka Mèralaja ka Praboe Keresna. Ratoe Mèralaja sebèr tina oeninga jén-djimat Kalima-Sada kagoengan. Pandawa tèa geus aja di moesoh, nanging teu matak boentoe lakoe poegag lampah, tina awas koemaha piakal-tarèkaunana. Ari anoe kapeto ditimbalan koe Kresna madjoe perang ngajonan moesoh, nja éta **Ki Nala Garèng (Si Tjèpot)**, **doeloerna** moesoh anoe keur ngalalakon tèa. Praboe Bèlgoedawèl-bèh roentag pangawasana, kasoran koe Nala

Garèng mah, nja toengtoengna gorèhèl Sang Oedawala, kotjéptak djadi panakawan Ardjoena deui.

Tah kitoe ringkesna; tapi naha éta lalakon têh ngan sosompang karangan doang, atanapi djadi soeloek minangka siloka aja pesékeunana?

Geura cepami koe cerang ditilik koe harti, tangtos djol baé soea!: Naha naon atawa saha ari Semar, Nala Garèng djeung Petroek têh? Oerang mana ti mana asalna éta têh, naon pihartieunana pang djadi aja kitoe dina wajang??

Ari margina noe mawi aja pertaanjan kitoe, kapan dina pakem pawajangan basa Sangskrit (Sanskrit-Mahâbharata) mah teu aja, henteu kaoengel éta ance tiloe panakawan têh. Djadi têtela Semar, Tjèpot (Garèng) Oedawala (Petroek) mah tjerè karangan Djawa, sanès bawa ti Hindoe.

Ari dina timbangan djisim koering mah, éta Semar Nala Garèng sareng Petroek dina wajang têh, boa-boa djadi **gambarña** atawa **perlambangna** *bangsa oerang priboomi*, dina dibandingkeunana djeung *bangsa Hindoe* noe ngeugeueh kakawasaan di Djawa (baheula) noe djadi doenoenganana.

Ari margina pang aja sangka kitoe, éta ngemoetkenn kana pokok pakem basa Sangskrit lalakon Mahabarata **Ma**. Di dinja ditjarioskeun aja boeta-boeta danawa anoe djadi moesoehna para satria-satria. Tah tina éta pakem sok ngolebat kaoëninga jén anoe dipikarép koe anoe kagoengan tjarita, éta boeta boeta danawa têh, nja gambarña, perlambangna, oerang priboominan tanah Hindoe pitocin, ari satria-satria anoe garagah, éta minangka bangsa Ariërs.

(Sing émoet jén tjarios wajang têh sanès lalakon di Djawa nanging sajaktosna di Hindoe. Ari bangsa Hindoe harita dibawah paréntah bangsa Ariërs. Djadi oerang priboomi Hindoe diibaratkeun (dieunteupkeuna) kana **boeta**.

Dina lalakon Ramajana (Bataara Rama) kadjabu ti boeta-boeta danawa, kaoengel aja monjét aja gadjah-biroeang. Anoe barisa ngomong mangroopa djelema, anoe djadi gege doegna djenenganana Soegriwa, Soebali, Djembawan, Anoman diseboet monjét kénéh, nja éta anoe djadi balad Batarra Rama. Batarra Rama moal iasa ngélèhkeun Rahwana

maloen henteu kalawan pitcloengna éta monjét-monjét téa. Tab ari éta anoe disebot monjét-monjét téh, koe anoe moeka lalakon Ramajana geus ditétlakeun, jén lain monjét enja, tapi maksoedna nja éta oerang priboomi (oerang Hindoena) anoe sabiloeongan djeung Batara Rama. Koe anoe ngarangna lalakon Ramajana bangsa Ariër, oerang priboomi Hindoe téh dieunteupkeunana kana monjét, tina dihina keünana nepi ka teu dianggap djelema.

Ari di dieu di oerang, kadjaba ti aja boeta aja monjét téh, ditambahán djeung makè aja panakawan deui. Anoe ngarangna, anoe matak dina wajang aja pamambah panaka wan, doeka oerang dieu doeka oerang Hindoe di dieu. Sareng kana pikarepeunana anoe ngarang, naha enja éta tiloe panakawan téh djádi perlambang gambaruna oerang Djawa anoe ngawoela ka bangsa Satria (Hindoe), atawa sanés? Eta paék kénéh.

Djisim koering henteu tiasa netepkeun koemaha anggapanana anoe ngageugeuh tanah Djawa baleula ka bangsa priboomi, naha tjara Ardjoena ka panakawanana atawa koemaha. Di Malajoe mah aja anoe djadi wawaton antara ratoe djeung coloen kerringna, malah kaoengel dina kitab-kitabna sareng dina Sadjarah Malajoe. Kieu ringkesna anoc dina Sadjarah Malajoe mah:

Sang Soeparba (anoe ngarendajkenn radja-radja Malajoe) sareng doea sadérèkna loengsoer ti Kahijangan di Boekit Segontang (Palèmbang), kagoenganana garwa ka poetri-poetri poetra radja. Anoe mangsa harita djadi Radja di Palèmbang djenenganana Demang Lebar Daoen, kagoengan poetra istri geulis kawaati-wanti. Sang Poetri dipoendoet koe Sang Soeparba, koe ramana moal dipasihkeun oepami Sang Soeparba henteu ngadamel perdjangdian. Kieu saoer Demang Lebar Daoen: „Goesti, poen anak moal kasanggakeun, oepami Dampal Goesti henteu kersa djangdji jén badè roemaksa roemawat ka sadaja anoe oeloen koemwoela. Anak-intjoe sareng satoeroen-toeroe, nan abdi goesti, sedja soemoedoed ka Dampal Goesti, moeng dina aja kaireugan katalingueuhanana, poma oelahi diwiwirang oelahi dinjenjeri disiksa koe panganiaja, oepami gedè dosana mangga tibanan hoekoem pati; kitoe ogé oepami sapatotos sareng hoekoeman Allah Taalah.

Dawéhan Sang Soeparba: „Mangga, tapi sawangsochna abdi-abdi koedoe djangdji jén moal baha ka radja”.

Nja Sang Soeparba kedad soepata ngaragragkeun saoer, jén saha-saha anoe tjidra teu toemoet kana éta piloekkoeh, bakal dibalik lemah.

Eta margina anoe mawi radja-radja Mala-joe mah mangkring kana nganjenjeri abdi, tara nganjaja koe pangwiwirang, tara nadasa kana kahormatan djelema. Sawangsoel, na abdi-abdi soemoedoed ka ratoe tara baha.

Oepama aja ratoe anoé ngarempak boh nganjenjeri boh ngawiwirang ka abdina, éta djadi kila-kila (totondén) jén nagarana téréh roentag”.

Tah kitoe moenggoeh di Malajoe mah. Ari di dieu ten atjan tiasa ditetepkeun, née mawi samar kénéh kana njoerah. Kiai Semar téh, naon atanapi saha saenjana?

Noemoetkeun karangan Djoeragan Boedardjo, éta anoe tiloe panakawan téh, kieu toetoeranana (diringkeskeun):

Lalaken wajang téh dianggitna alam K. Radja Aerlangga ngasta kakawasaan di Djawa, kira-kira dina taoen 1028 A. D., taoen Sjaka 950. Toetoeran Semar parantos didadar koe taoen Van Stein Calienfels dina Kongres Taal-Land-en Volkenkunde van Java.

„Nanging oepami di dieu dipindo ditjarioskeun sakalian sareng tootoeranana panakawan anoe doeaan deui, asana nja moal giplah moal moebah, malakmandar aja poeloenga-neunana.

Sa.némèh njanggakeun pamendak pribados, badè mapaj heula raratanana Ki Da-lang, anoe ilahar dihaleuangkeun dina kákawèn mangsana Ki Panakawan rék medal tina kotakna. Kieu oengelna:

„Apata marmanè paparab Semar? Mila-nira sineboet Semar, semar poenika saking temboeng samar. Mapan pranjata Kiai Loerah Semar, samar woedjoedira. Jen den wastanana djaloe, wandanira kadi wanita; jen sineboeta estri, dadapoenanira teka prija. Kaja paran ta sasipatanira Kijai Loerah Semar? Irceng njoenti, mrak ateni; mripat rembes, mrak ateni; pipi gembil, mrak ateni. (ginak-ginock, mrak ateni; sadaja sarwa mrak ateni.)

Sinten ingkan kanggènan Kijai Loerah

Semar, saëstoe kinasihan dening Djawata. Ijata saloegoenè Kijai Loerah Semar mapan dahat samar, karana sadjatiné dede manoesa, ananging dewa ing Soerajá. inggil Sang Hijang Ismaja. Kijai Loerah Semar ijoganira kalah; ingkang sepoch namia Kijai Loerah Nala Gareng, anem Kijai Loerah Petroek. Apata marmane parab Nala Gareng? Nala ikoe ati, gareng ikoe garing. Nala Gareng, agarang manahanira, tansah angandoet prihatin.

Kaja paran sasipatanira Kijai Loerah Nala Gareng? Mripatira kera, lambenira tjopet, baoenira tjeko, jén loemampah pintjang atjingkrag, tjingkroeg, awit soekoe nira kebak boebol. Dene ta Kijai Loerah Petroek? Tiang-tianganira, pandjang, iroengira pandjang, mripatira pandjang, lambenira pandjang, goeloenira pandjang, soekoenira pandjang lan pandjang oega tanganne. Menggah wawatekanira: kawarisan; njebrot, kagandjar; nabok, ingopahan."

Pisoendaeunana éta kakawèn têh kinten-kinten kieu: Naha mana dingaranan Semar? Anoe matak dingaranan Semar, sabab ari Semar téa asal tina ketjap samar. Kapan tétela Kijai Loerah Semar mah woedjoedna matak samar. Geura apan diseboet lalaki, tapi ari wandana tjara awèwè, ari diseboet awèwè da poegoeh siga lalaki. Koemaha ari adeg-pangadegna Semar têh? Iroengna pegék (njocenti: leutik, njentil), tapi narik pangasih matak loetjoe; panonna kéongeun (rembes, bélèk), tapi matak deuden mawa asih; pipi gembir, nadjan kemboe matak loetjoe; gembejk pèjékèh pendèk tapi narik matak asih taja pikatjoeaeunana, tjindekna sagalana matak resep matak asih, goenoeng loetjoe. Sing saha anoc karoeng-roengen Semar. tanwandé kinasihan koe Djawata. Doepi sajaktosna Kijai Loerah Semar têh katjida matak samarna, karana sadjati-djatina Semar éta lain manoesa, tapi dèwa ti Soerajá, njá éta Sang Hijang Ismaja. Kijai Loerah Semar boga seuweu doea, anoe tjikal ngaranna Kijai Loerah Nala Garèng. (Di oerang diseboet Si Tjepot). Boengsoena ngaranna Kijai Loerah Petroek (Di soenda diseboet Si Oedawala).

Naha mana dingaranan Nala Garèng? Ari sababna, Nala têh hartina ati, ari

Gareng hartina toehoer atawa garing, djadi Nala Garèng têh djelema noe garing atina, éta sababna salawasna ngan dipooeok koe kabingoeng dirandapan koe kasoesah. Koemaha ari pasipatananana? Panon dèlèng, biwir bêngó, leungeun tjèngkrong, leumpangna dèng da soekoena botol.

Koemaha ari Ki Loerah Petroek? Adepgangodegna djangkoeng begang (tjjangkorang), iroeng pandjang, panon pandjang, biwir pandjang, beuheung tjalengang, soekoe leungeunna ranggoas parandjang. Ari wawatekanana, toetoeroenan, ana maling pada moedji, maak teu dijadi pamojok, toenggal-teunggeul dialem dioepah-apéh."

Tah kitoe tjeuk Ki Dalang. Tadi geus diterangkeun ketjap Semar têh, asal tina samar. Ari éta ketjap samar, djangkarna tina war. Dina boekoe karangan toeann Dr. H. Kern panaböntik basa Kawi (Kawistudiën) katja 60 diterangkeun jén ketjap samar têh djangkarna tina war dirarangkènan „sa“ anoe asal tina sa. Tina sanwar, ana robah dijadi samar; ieu robah deui dijadi Semar, Noemoetkeun tjarita dalang, Semar têh Dèwa ti Soerajá djenengnana Sang Hijang Ismaja. Tapi koemaha toemoeroenna, naha nitis Sang Hijang Ismaja têh ka Semar, atanapi mindah roepa ti Kajangan ka Martjapada? Emoetan djisim koering Semar sareng Sang Hijang Ismaja têh hidji woedjoed doea ngaran. Malah ketjap Semar ogé moal boa robahan tina Ismaja téa, tjara netija dijadi netra, sangsaja dijadi sangsara.

Nanging ari noemoetkeun keterangan toeann Van Hien mah dina boekoe karanganana (De Javaansche Geestenwereld), Semar, Maja (Isinaja) sareng Smara têh misah-misah baé, pada aja hartina toemoet woedjoedna séwang-séwang.

Emoetan djisim koering Semar têh dijadi perlambang woedjoedna sipat tjinta asih ka Dèwana, dijadi dina ningalna pawajangan Semar, kedah kahoedang ras émoet kana tjinta asih, tibelat ke Dèwana.

Doepi Nala Garèng perlambang Batara Kala. Doenoengan Nala Garèng mikawelasna ka panakawan, tawis ngaloehoengkeun Sang Kala téa, dieunteupkeun kana badèga anoe ditjandak sakoelah-sakolih. Tawis djoë-

moengdjoeng ka Batara, dieunteupkeun ka badèga, éta aja soeroepanana, nja éta Radja Erlanggha toenggang **garoeda** (**Garoedamoeka**). Kapan éta anoe ditoenggangan (anoe djadi toetoenggangan) téh, perlambangna *Wisnoe*, anoe djadi sesembahanana Erlanggha téa.

{ Doepi Petroek, wajang anoe dieunteupkeun ka *Petro*, hartsna *karoehoen*, djadi perlambangna loeloehoer anoe ngaroendajkeun toeroenan. Nja Petroek anoe djadi tatalina geusan hormattilawat ka noe bacheula.

Djadi tjindekna dina émoetan djisim koering éta anoe tiloe panakawan téh gelarna dina wajang lain samanéa, tapi djadi perlambang *soerahna agama boehoen di tanah Djawa*. Ieu perlambang djadi tjintjirén soerah wawaton agama boehoen anoe oengelna:

„*Waloega ginandjar wahjoe, soegri noe djoemoengdjoeng ngalechoengkeun Dèwa, moenoedja Batara Kala, tan baha ka roendajan anoe ngajoega, toemoet sawoeroek karoehoen.*“

Djadi tjindekna éta anoe tiloe panakawan téh, tawis pangéling-ngéling kana wawaton agama boehoen, soepaja natrat teu aja pegat kendatna. Soegri anoe karoengroengan koe éta tiloe panakawan ana teu nohonan

wawaton anoe tiloe roepa téa (1 tjinta ásih, 2 njembah ka Pangèran, 3 toemoet soemoedoed ka loeloehoer) tinangtoe meunang bebendon, pinanggih bantjang pakèwoeh (Emoetkeun lalakon: Semar tigas koentjoeng, lalakon Bagawan Kilatboewana, lalakon Soekmangoembara sareng djadi ti éta).

Koe sadaja parants kaoeninga, jén Semar Petroek Nala Gareng teh panakawan Pandawa, dina panggoengna ajana dina wajang beulah katoehoe. Ari pandakawan Astina dina wajangna panggoeng beulah kentja, sanes **tiloean** moeng aja **doean**, nja eta Togog sareng Boeta Tjakil (Saraito) Naon margina anoe mawi ari beulah katoehoe aja **tiloe**, ari beulah kentja ngan aja **doea**, panakawanna? Eta henteu samanea aja soeroepanana aja teroesanana. Geura saboe-toehna oepami oerang njoektjroek boekoe boekoe kitab karangan toean **Glavel** bae heulaan, nja eta kitab anoe netelakeun sadjarahna roepa-roepa agama, (Geschiedenis der Godsdiensten deel 1 pag. 16) dina lebah njarioskeun *soerah-soerahna bilangan* anoe djadi perlambang dina agama, di dinja oge kaoeninga, margi kaoengel kieu:

„Bilangan **doea**, nja eta bilangan djangkép anoe wiwitán.

(Aja samboenganana).

